


An Nou Konprann Vaksen kont COVID-19 yo


Gen twa vaksen kont COVID-19 – vaksen Pfizer-BioNTech, Moderna ak Johnson & Johnson/Janssen yo – ki jwenn otorizasyon nan men Administrasyon Manje ak Medikaman (Food and Drug Administration, FDA) Etazini an pou yo bay yo. Touletwa san danje e bay anpil rezilta nan pwoteje moun kont maladi COVID-19 grav, ospitalizasyon ak lanmò. Plis ou pran vaksen an bonè, plis ou jwenn pwoteksyon bonè!



	Pfizer
Ki kalite vaksen li ye?	ARN mesaje (ARNm). Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ARNm yo, li Fason Vaksen kont COVID-19 mRNA la mache .
Konbyen dòz mwen bezwen?	De. Dezyèm dòz ou a dwe 21 jou apre premye dòz ou a, men pran dezyèm dòz ou a kèlkeswa kantite tan ki pase a.
Konbyen moun ki te genyen nan eksperimantasyon klinik yo?	Plis 44,000.
Ki kote eksperimantasyon klinik yo te fèt?	Etazini, Ajantin, Brezil, Almay, Tiki ak Afrik di Sid.
Kiyès ki te patisipe nan eksperimantasyon klinik yo?	<ul style="list-style-type: none"> • 10% te nwa • 26% te latino • 4% te azyatik • 21% te gen omwen 65 an • 46% te gen pwoblèm medikal kwonik
Èske vaksen an bay rezilta kont varyant yo?	Vaksen an sipoze pwoteje kont varyant yo idantifye jiskaprezan yo, men pwoteksyon an gen dwa pa bon menm jan an kont sèten varyant.
Èske m ap bezwen lòt dòz pi devan?	Nou poko konnen.
Kilè vaksen an bay rezilta nèt?	De semèn apre dezyèm piki w lan.
Ki efè segondè ki posib?	Doulè oswa anfleman nan bra a kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv se sa ki genyen lepli souvan. Gen efè segondè pi souvan apre dezyèm dòz la epi granmoun ki pi aje yo genyen yo mwen souvan.
Kiyès ki kapab pran vaksen an?	Moun ki gen omwen 12 an.
Kiyès ki pa ta dwe pran vaksen an?	<ul style="list-style-type: none"> • Moun ki te fè reyaksyon alèjik grav oswa touswit ak nenpòt nan engredyan ki nan vaksen an oswa lè yo te fin pran premye piki an. • Sèten moun ki te fè reyaksyon alèjik ak nenpòt ki vaksen oswa medikaman nan piki (pale avèk pwofesyonèl medikal ou pou konnen si ou kapab pran vaksen Pfizer a).
Kisa ki nan vaksen an?	ARNm, lipid, sèl ak sik. Pou yon lis konplè engredyan yo, gade fèy enfòmasyon FDA an .

Moderna

Ki kalite vaksen li ye?	ARN mesaje (ARNm). Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen ARNm yo, li Fason Vaksen kont COVID-19 mRNA la mache .
Konbyen dòz mwen bezwen?	De. Dezyèm dòz ou a dwe 28 jou apre premye dòz ou a, men pran dezyèm dòz ou a kèlkeswa kantite tan ki pase a.
Konbyen moun ki te genyen nan eksperimantasyon klinik yo?	Plis pase 30,000.
Ki kote eksperimantasyon klinik yo te fèt?	Etazini.
Kiyès ki te patisipe nan eksperimantasyon klinik yo?	<ul style="list-style-type: none"> • 10% te nwa • 20% te latino • 5% te azyatik • 25% te gen omwen 65 an • 22% te gen pwoblèm medikal kwonik
Èske vaksen an bay rezilta kont varyant yo?	Vaksen an sipoze pwoteje kont varyant yo idantifye jiskaprezan yo, men pwoteksyon an gen dwa pa bon menm jan an kont sèten varyant.
Èske m ap bezwen lòt dòz pi devan?	Nou poko konnen.
Kilè vaksen an bay rezilta nèt?	De semèn apre dezyèm piki w lan.
Ki efè segondè ki posib?	Doulè oswa anfleman nan bra a kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv se sa ou gen lepli souvan. Gen efè segondè pi souvan apre dezyèm dòz la epi granmoun ki pi aje yo genyen yo mwen souvan.
Kiyès ki kapab pran vaksen an?	Moun ki gen laj omwen 18 an.
Kiyès ki pa ta dwe pran vaksen an?	<ul style="list-style-type: none"> • Moun ki te fè reyaksyon alèjik grav oswa touswit ak nenpòt nan engredyan ki nan vaksen an oswa lè yo te fin pran premye piki an. • Sèten moun ki te fè reyaksyon alèjik ak nenpòt ki vaksen oswa medikaman nan piki (pale avèk pwofesyonèl medikal ou pou konnen si ou kapab pran vaksen Moderna a).
Kisa ki nan vaksen an?	ARNm, lipid, sèl, asid asetik, amin ak sik. Pou yon lis konplè engredyan yo, gade fèy enfòmasyon FDA an .



Johnson & Johnson

Ki kalite vaksen li ye?	Vektè adenoviris. Pou jwenn plis enfòmasyon sou vaksen vektè adenoviris yo, li Fason Vaksen Johnson & Johnson kont COVID-19 la Mache .
Konbyen dòz mwen bezwen?	Yon sèl.
Konbyen moun ki te genyen nan eksperimantasyon klinik yo?	Plis pase 40,000.
Ki kote eksperimantasyon klinik yo te fèt?	Etazini, Ajantin, Brezil, Chili, Kolonbi, Meksik, Pewou ak Afrik di Sid.
Kiyès ki te patisipe nan eksperimantasyon klinik yo?	<ul style="list-style-type: none"> • 19% te nwa • 45% te latino • 3% te azyatik • 20% te gen omwen 65 an • 41% te gen pwoblèm medikal kwonik
Èske vaksen an bay rezilta kont varyant yo?	Vaksen an sipoze pwoteje kont varyant yo idantifye jiskaprezan yo, men pwoteksyon an gen dwa pa bon menm jan an kont sèten varyant.
Èske m ap bezwen lòt dòz pi devan?	Nou poko konnen.
Kilè vaksen an bay rezilta nèt?	De semèn apre piki w lan.
Ki efè segondè ki posib?	<ul style="list-style-type: none"> • Doulè oswa anfleman nan bra a kote ou te pran piki a, maltèt, doulè nan kò, fatig ak lafyèv se sa ki genyen lepli souvan. Granmoun ki pi aje yo gen efè segondè mwen souvan. • Gen yon risk trè piti pou gen yon kalite boul san ra. Pou plis enfòmasyon, li Mizajou sou Vaksen Johnson & Johnson/Janssen kont COVID-19 la.
Kiyès ki kapab pran vaksen an?	Moun ki gen laj omwen 18 an.
Kiyès ki pa ta dwe pran vaksen an?	<ul style="list-style-type: none"> • Moun ki te fè reyaksyon alèjik grav oswa touswit ak nenpòt nan engredyan ki nan vaksen an. • Sèten moun ki te fè reyaksyon alèjik ak nenpòt ki vaksen oswa medikaman nan piki (pale avèk pwofesyonèl medikal ou pou konnen si ou kapab pran vaksen Johnson & Johnson nan).
Kisa ki nan vaksen an?	Adenoviris, sèl, alkòl, polisòbat 80, asid kloridrik ak asid amine. Pou yon lis konplè engredyan yo, gade fèy enfòmasyon FDA an .

Pou plis enfòmasyon, vizite nyc.gov/covidvaccine.

